**Практически заняти.**

**Шалха элпаш нийсаяздар Іамор**

Нохчийн меттан абатехь 15 шалха элп ду, царах 5 мукъа (аь, оь, уь, юь, яь), 10 мукъаза (г1, кх, къ, к1, п1, т1, хь, х1, ц1, ч1). И элпаш кхоьллина х1окху деа хьаьркаца (х, ъ, ь, 1).

Шалха элпаш цхьацца элп долуш санна хьеха деза.

Йоза дукха деха ца хилийта, тайп-тайпана шалха элпаш юх-юххе нисделча, хьалхарчу шалхачу элпан хьаьрк эшош яздан магадо бакъоно. Масала: ц1къа-цкъа, ч1къор-чкъор.

Бакъонна юкъарадовлу х1ара дешнаш: юьхьк1ам, юьхьк1айлла, юьхьк1айн, юьхьк1еда, юьхьза, чекххьажар.

**Упражнени № 1** Х1ора шалха элпана кхоккха дош язде. Юха, уьш юкъа а далош, предложенеш х1иттае.

**Упражнени № 2** Т1адамийн метта оьшучохь элпаш а дохкуш, т1ера схьаязде дешнаш. Кху лахахь далийна дешнаш юкъахь а долуш, предложенеш х1иттае. Мукъа шалха а, мукъаза шалха а элпаш к1ел сиз хьакхарца билгалде. Барта схьайийца уьш нийсаяздаран бакъонаш.

Ц..къац…къа, ц1е..хьана, т1а…кха, т1е…т1а, нац…къар, ниц…къ, ц…къоц…къам, т…къа…т1а, ч…къор, ю…къе, дут…къа, де…къа, туьп…алг, т1аь…хьара, охьаи…кхина, э…т1а, ч…къургаш, гаь..лаш, ч…къоьргаш, риц…къ, нот…къа, бут…къа, шат…къа, толкхаи…кхира.

**Упражнени № 3** Шалха элпаш яздаран бакъонна юкъарадовлучу дешнашца предложенеш х1иттае: юьхьк1ам, юьхьк1айлла, юьхьк1айн. Юьхьк1еда, чекххьажар, юьхьза.

**Упражнени № 4** Т1адамийн метта дог1у элпаш а х1иттош, д1аязде кицанаш. Маь1на де церан.

Ат…а даь…кхина риц…къ мохо даьхьна.

Бо…кхачу доьзалехь кхиънарг нахаца дика тарло.

Во…кхачух эхь хетта, жимачух къа хетта.

Газа и…кхинчу оь…кху буьхьиг а.

Ет…бигначул т1аьхьа г1уй д1абол…арх пайда бац.

Йораха юхкучу х1умане кхуз…а хьажа.

Даг…ара дилхинчу б1аьргех ц1ий даьл…а.

Ирс совг1атна луш дац, ша кхул…уш ду.

Риц…къ ц1ийций, хьацарций бен кара ца дог1у.

Жимчохь цадешнарг, во…кха хилча, дохковаьл…а.

**Упражнени № 5** Т1адамийн метта дог1у элпаш а дохкуш, т1ера схьаязъе предложенеш. Бакъонца т1еч1аг1де шаьш яздинарг.

1) Ц…къа дил…ина ло дешна д1адаьл…ера. Ламанийн ба…хьаш дацара к1айн гуш. (С-Хь. Н) 2) Т1а…кха ц1е…хьана охьахьаькхира ехк, ц…къа а, шоз…а а, юха охьайил…ира стоьла йист…е. (М. Бекс.) 3) Бо…къал…а а, х1унда хийцира теша 1усамас ша хьалаяь…кхина вол…уш йол…у Бикату (С. Бад). 4) Т1аь…хьара суьлхьа карчийна, гонан чак…ене дерзийна, суьлхьанаш а карахь до1а дина, уьш хьалхарчу кисана дехкина, Х1азуна т1евирзира Ро1са. (С-С. Саид). 5) Можа г1ум хьаькхначу поп…аран маьнги т1ехь, к1айн кхакха когашка а баржийна, ламазна х1оьт…инчу вок..ачу, дезт…къа шаре ваьл…ачу стаге хьоьжура иза (В-Хь Ам). 6) Юх-юха а иза холчу х1ит…ориг к1елхьара як…а ниц…къ ца кхочуш, шен б1аьргашна хьалха х1ал…акьхи…ла шена дукхаезаш хил…а, дагна хьоме йо1 яра. (1. Дад). 7) Шол…аг1чу дийнахь а ц…къац…къа саца а соцуш, д1аоьхура ц1ерпошт, т1е…т1а совъюьйлура шело. (М. Сулл). 8) Де…къа цхьа «старшинан» (шен дагахь и ц1е тил..ина яра Ваняс санаторийн директрисина),- де…къа цу «старшинан» г1улчаша доху дера татанаш дара х1инца ц…къа хезаш дерш. (Хь. Сар.).

## Дешнийн диктант

Ц1еххьана, чкъор, юткъа, цкъацкъа, юьхь1аьржа, нуьцкъала, нацкъар, чкъург, къамкъарг, кхузткъа, яьтт1а, т1етт1а, вокх-воккханиг, шаткъа, хумп1ар, ц1орма1а, ж1айг1ант, маххьаш, баххьаш, т1аккха, т1аьххьара, хьаьжк1а, латкъам, 1аткъам, буткъа, ноткъа, дезткъа, ц1оцкъам, дуьххьара, деккъа, еккъа, могг1ара, леккха, ткъаткъа, кхоккха, юьхьк1олла

Аларш

1. Ша бен кхин х1умма а гуш воцу стаг ган мел гена а д1аваха дог дог1у-кх.
2. Цхьаволчо шега дехнарг ло. Кхечо ца дехча а, оьший хиъча. Кхозлаг1чо-ша лун дерг а, оьший хиъча, юхаузу.

3. Исбаьхьчу мукъаман ши кхачамбацар ду: цуьнан чекхбала безар а, цул т1аьхьа кхин д1а а ваха везар а.

4. Шаьш тешачу адамана вешан вон амалш гайта ца кхоьхьу вай.

5. Цхьак1еззиг адамера цатам хилча, ойла каде хьаьвза, г1о-накъосталла эшча ша ма - хьовззара.

Тесты:
1. Маса элп  ду нохчийн алфавитехь
# 45
# 33
# 47
# 49
2. Маса шалха элп ду нохчийн маттахь
# 11
# 14
# 15
# 16
3. Маса элп ду нохчийн алфавитехь оьрсийн маттахь доцуш
# 12
# 13
# 16
# 15
4. Муьлха аьзнаш декъало нохчийн маттахь ч1ог1а к1еда хиларца
# мукъаза
# деха
# мукъа
# доца
5.  К1еда аз юкъехь долу дош билгалдаккха
# К1ошта
# кхеташо
# верта
# толам
6. Юккъехь к1еда аз доцу дош къастаде
# г1ийла
# гезга
# г1овг1а
# лаам
7. Нохчийн маттахь т1еэцначу дешнашкахь  бен ца яздо элпаш билгалдаха
# (й,ъ,1,я)
# (е, ж, и, о)
# (ё, ф, щ, ы)
# (з, оь, ю,я)
8. Нохчийн дешнашкахь аз долуш, амма хьаьрк йоцу элп къастае
# (е)
# (ю)
# (ё)
# (я)
9. Нохчийн дешнашкахь я аз а, я элп а дац
# (ё)

# (я)
# (щ)
# (ф)
10. Муьлхачу  дешдекъехь laьтта нохчийн маттахь тохар
# хьалхарчу
# юккъерчу
# шолг1ачу
# т1ехьарчу
11. Муха къастадо нохчийн маттахь деха аз
# йозанехь
# хьаьрпаца
# аларца
# т1адамца
12. Муьлхачу дашехь  ду къамелехь ца олуш долу мукъа аз
# лаам
# толам
# тахана
# х1инцалц
13. Шалха  элп юккъехь долу дош къастаде
# б1ов
# з1е
# г1ала
# д1ора
14. Шала шалха элп долу дош къастаде
# б1аьрг
# ведда
# воккха
# латта